


La Bib pou ti moun prézanté

Gwo Miray Neyemi an



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopli istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Pès, yon nasyon puisan, ki t ape gouvènen mond lan.
Wa Atagzèsès (Artaxerxès) t ap dirije Pès. Sa ki
te fè li vin wa ki pi puisan nan mond lan. Youn
nan nonm enpòtan wa a yo
te rele Neyemi. Travay
li se te goute manje wa
a pou pwoteje l si yo ta
vle anpwazonnen li.



Yon jou, Neyemi te kanpe devan wa a epi li te parèt tris. Wa a te vle konnen sa li te genyen. "Wa mwen, se pou w viv pou tout tan!" Neyemi te di. "Mwen tris paske vil kote zansèt mwen yo t antere a te detwi epi yo te boule pòtay li yo." Neyemi t ap pale de Jerizalèm, lagè te detwi plizyè lane anvan.




3

Wa Atagzèsès mande li : "Kisa w vle ?" "Kite mwen ale Jerizalèm pou m kapab bati li ankò." Neyemi te sipliye l. Wa Atagzèsès te dakò avèk jantiyès. Li te bay Neyemi (kèk) lèt ofisyèl pou pwoteje l pandan vwayaj li a.




4

Wa a t ede li plis toujou. Li te bay Neyemi yon lèt pou Asaf, responsab forè wayal yo. Asaf te genyen lòd pou li bay Neyemi valè bwa li te mande l pou l bati miray vil la.




5

Lè Neyemi te rive Jerizalèm, li te rasanble tout chèf vil la epi li di yo : "Nou nan mizè. Vil la te detwi epi pòtay li yo te boule. Annou bati l ankò." Li di yo wa Atagzèsès te dakò, epi tou, sa ki te pi enpòtan an, Bondye te bò kote yo.



6

Lafwa ak ankourajman (antouzyas) Neyemi te enspire moun yo san mank. Yo te dakò epi yo te di : "Ann ale konstui vil la ankò." Neyemi te di chak fanmi ki pati nan miray la yo te dwe repara.



7

Men, se pa tout moun ki te dakò pou konstui vil la ankò. Yon nonm yo te rele Sànbalat ak de zanmi li yo, Tobbya ak Gechèm, yo pa te jwif, epi yo pa te vle yo bati miray la ni repara pòtay yo ankò.




8

Pandan travay la t ap vanse, Sànbalat te vin ankòlè anpil. Li menm ak zanmi li yo t ape pase juif yo nan betiz. Tobbya te di : "Lè yo fin bati miray mizerab yo a, yon sèl rena ap kraze li." Neyemi pa te reponn. Okontrè, li te priye pou Bondye pran swen yo.



9

Lè yo te wè jouman yo pa te fè anyen, yo te fè konplo ansanm pou goumen ak Jerizalèm epi pou yo fè plis dega yo te kapab. Neyemi te priye Bondye ankò pou li mande l vin ede l. Li te mete yon gad tou lajounen kou lannuit pou li pa sibi yon atak sipriz.




10

Jwif yo t ap travay di anpil epi yo te fatige. Genyen kèk ladan yo ki te pè pou lènmi an pa te rive sou yo epi touye yo pandan y ap travay. Neyemi pa te kanpe pwojè a. Li te mete gad toutotou travayè yo epi li te fè yo sonje Bondye te bò kote yo epi Li te pi fò pase tout lènmi yo !



11

Neyemi te eseye bay egzanp lan.



12

Wa Atagzèsès te mete li gouvènè Jerizalèm avèk dwa pou l mande pèp la manje ak lajan, men li pa te fè sa. Li te travay di ansanm ak pèp la ki t ap bati miray la. Li te itilize lajan l pou l achte manje.

Finalman, pèp la te fini miray la. Yo te rete sèlman pòtay yo pou yo te mete. Lè Sànbalat, Tobbya ak Gèchèm te aprann pa te genyen tou ankò nan mi yo, yo te fè plan pou yo fè Neyemi mal.



13

Yo te voye mesaj bay Neyemi pou envite li vin rankontre ak yo nan Vale Ono a. Men, Neyemi te konnen se te yon pyèj pou yo fè l soti nan vil la epi pou yo kapab fè li mal. Li te reponn yo li pa te kapab kite travay li pou l al rankontre ak yo.




14

Miray la te resi fini, epi Neyemi te mete gad pou pwoteje li.



15

Li te bay lòd tou pou yo pa louvri pòtay yo anvan solèy leve.



Lannuit, pòtay yo te dwe fèmen.

16

Kounye a pandan vil la te an sekirite a, anpil juif ki te ekzile toupatou nan mond lan te retounen Jerizalèm. Neyemi dwe te kontan anpil lè li te fin fè travay Bondye te ba li a, malgre tout obstak yo. Li te rete Jerizalèm epi li te ede pèp la obeyi Bondye.



17

Gwo Miray Neyemi an

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Neyemi

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

18

Fen

35



60

19

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

20